



*Le Premier Ministre*

## LÈT KADRAJ PWOJÈ BIDJÈ 2024-2025 LAN

### Mesyedam Òdonatè yo

Objektif Bidjè 2024-2025 lan se kore jefò chak enstitisyon Leta yo ap mennen ki pa dwe depaman ak jefò Premye Minis lan ansanm ak tout Minis yo te dakò sou yo e tabli nan dokiman ke yo rele nan lang fanse a “Feuille de route”. Fèdewout la dwe pèmèt nou fè fas kare ak gwo defi moman an, fè pwosesis tranzisyon an ateri epi mennen bak eleksyon yo byen pou tabli reprezantan pèp la nan dat 7 fevriye 2026. Se bidjè sa a k ap pèmèt nou chache lajan pou finanse kòm sa dwa aksyon pou nou ka reponn ak sitiyasyon ekonomik, finansyè, sosyal, sekirité ak imanité a k ap vin pi mal chak jou.

Kondisyon preparasyon Bidjè 2024-2025 lan malouk anpil, sitou nan sa ki gen pou wè ak sitiyasyon ekonomik ak sosyal peyi a. Lè gouvènman an monte nan mwa jen 2024 la, li jwenn ensekirite a nan yon nivo tèt chaje ki gen gwo konsekans sou tout popilasyon an sitou sila yo k ap viv nan depatmant Lwès ak Latibonit. Move konsekans yo te parèt aklè nan travay gouvènman an te fè ansanm ak patnè entenasyonal yo nan mwa jiyè ki sot pase a.

Gouvenman traòzisyon an te pibliye yon Bidjè rektificatif nan dat 13 dawout 2024 pou wè nan ki mezi li te ka komanse aji sou pwoblèm peyi a ki te vin pi mal apre kriz ak vyolans peyi a te konnen nan mwa mas la. Malerezman zouti sa a pat pèmèt nou atake tout pwoblèm yo yon sèl kou.

Kidonk Bidjè 2024-2025 lan prepare pou atake pwoblèm popilasyon an prese prese, jan dokiman sou konsekans kriz la genyen sou peyi a idantifye yo. Pwogram envestisman ki pral nan bidjè a dwe makònèn ak senk (5) gwo chantye ki nan akò 3 avril 2024 la.

Bidjè 2024-2025 lan prepare tou nan yon moman kote lajan Leta te prevwa rantre pou egzèsis fiskal sa a vin pi piti lè nou konsidere sa nou te rantre lane pase. Bourad bidjetè nou jwenn yo p ap rive nan limit sa nou te espere yo. Yon lòt kote, n ap bezwen fè plis envestisman pou ekonomi peyi a ka pran jarèt pour popilasyon an ka rale yon souf.

### 1. Kondisyon preparasyon bidjè 2024-2025 lan

Se plizyè koz ki makonnen ansanm ki mete kriz la nan nivo li ye jounen jodi a : ekonomik, sosyal, imanité ak sekirité. Youn melanje ak lòt, youn ap bay lòt jarèt, sa ki lakoz mizè, vyolans ak eksklizyon ap taye banda.



## *Le Premier Ministre*

Se anpil refòm, anpil jefò pou Leta rantre plis kòb kit se nan peyi a kit se lòt bò dlo, k ap fè nou rive met kò nou deyò pandan n ap jwenn solisyon tout bon, ki pa pou yon ti bout tan men ki atake pwoblèm Ayisyen yo tout bon.

### **2. Kondisyon ekonomik**

- depi plizyè lane, ekonomi peyi a pa sispann fè bak. Pwodwi enteryè bri nou kalkile pou chakabitan apdegrengole pandan pri yo ap monte bwa. Nivo pri yo sou ane a rive nan 28,9 pou san (28,9%) epi se pri manje ak bwason ki pa gen alkòl ki monte plis, avèk tou pri kominiskasyon ;
- egzèsis fiskal 2023-2024 la ap fè sisyèm ane youn dèyè lòt depi kwasans ekonomi peyi a negatif. Nou prevwa li ka -4%. Sa ki vle di ekonomi peyi a ap degrengole, popilasyon an ap vin pi pòv epi kondisyon lavi a ap vin pi mal ;
- ensekirite ak enstabilite politik nan kòmansman egzèsis lan fè nou pa rive chavire sitiyason an jan nou te prevwa 1 la. Sa ki pi grav la sè ke depans nan kad bidjè rektifikatif la apèn ka pèmèt nou demare aktivite ekonomik e soulaje sila yo ki nan kondisyon ki pi difisil yo. Fò nou di tou ke malgré transfè dyaspora yo ogmante pou rive 4%, kondisyon lavi popilasyon an pa sispann degrade ;

### **3. Kondisyon finans peyi a**

- sektè finansye ayisyen an sibi tou konsekans kriz ensekirite a. Li brase bil tout enstitisyon ki la pou brase lajan nan peyi a. Anpil bank chanje lè yo konn abitye travay sitou nan zòn ki pi danje yo, sa ki fè ti biznis yo gen anpil difikilte pou yo jwenn sèvis finansye ;
- pwoblèm ensekirite ak pwoblèm ekonomik yo fè goud la pèdi valè chak jou pi plis ;
- ensekirite a fè pi fò moun ki te gen entansyon envesti nan peyi a kanpe sou desizyon yo paske yo pa wè kote yo gad. Sa ki fè sektè finansye a pèdi plis resous ki te ka itil biznis ki nan peyi a ;
- enstitisyon entènasyonal yo tankou Fon Monetè Entènasyonalak Bank Mondyal pa twò enterese finanse envertisman nan peyi a si yo pa gen garanti pwoblèm ensekirite a ap rezoud. Sitiyasyon sa a frennen kapasite nou pou nou finanse gwo pwojè konstriksyon ki ka sèvi pou plizyè lane.

### **4. Kondisyon sosyal**

- kantite moun ki pòv yo vin pi plis. 60% popilayon an ap viv anba nivo povrete a pandan ke 25% ap viv nivo povrete ki pi ekzajere a. Nou wè sa pi byen lè nou konsidere feblès, kalite ak kantite manje nou yo, sa ki fè kondisyon lavi popilasyon an ap vin pi mal chakjou ;



RÉPUBLIQUE D'HAÏTI

## *Le Premier Ministre*

- sèvis minimòm esansyèl tankou edikasyon, sante, dlo potab, kouran pa rive sou popilasyon an. Anpil enstitisyon piblik ki la pou bay sèvis sa yo, fèmen pòt yo nan anpil zòn nan peyi a ;
- pwoblèm ensekirite ak kondisyon lavi moun kap vin pi mal chak jou fè anpil Ayisyen anvi kite peyi a, sa ki kreye gwo tèt chaje nan anpil peyi k ap resevwa Ayisyen yo, tankou Etazini, Kanada ak Sandomeng ;
- swen sante difisil pou jwenn ; sitou nan moman kote anpil lopital fèmen, osinon sa ki ouvè yo pa gen ekipman. Se sa ki fè anpil fwa gwo epidemi tan kolera tounen sou nou souvan ;

### **5. Kondisyon politik**

- kriz politik k ap ravaje peyi a fè enstitisyon Leta yo vin pi fèb. Sitiyasyon politik peyi a toujou an boulvès. Lè se pa manifestasyon se enstitisyon yo yo anpeche fonksyone. Anpil fwa, moun ki la pou bay peyi a direksyon, pa ka dirije ni bay rezulta ;
- depilè yo fin asasinen Prezidan Jovenel Moise la nan lane 2021, peyi a ap make pa sou plas pou fè eleksyon pou Palman an ak Otorite lokal yo. Jouk jounen jodi a pa gen palman k ap fonksyone ;
- koripsyon an layite kò l nan tout administrasyon Leta a ; sa ki fè tout desizyon chanje sa epi pèmèt popilasyon an gen plis konfyans nan Leta a, se lave men, siye atè.

### **6. Kondisyon sekirité**

- bandi ak zam kontwole pi fò nan espas peyi a sitou nan zòn ki antoure Pòtoprens lan. Bandi sa yo gen men yo tranpe nan tout zak anlèvman, trezakson ak ansasinay. Ensekirite a tounen pen kontidyen popilasyon an;
- lapolis manke ekipman ak fòmasyon, sa ki fè li pa gen mwayen pou li goumen ak gang yo ki vin pi fò chak jou sitou nan yon moman politik pou jere sekirite peyi a pa byen defini ;
- letapeyi a pèdi yon bon valè nan espas li ki lage nan men bandi ak zam ki ap simen latwoublay nan katye yo ;

### **7. Kondisyon imanitè**

- prèske mwatye popilasyon an, sa vle di 4,9 milyon moun, ap sibi sa yo rele ensekirite alimantè ; pri danreyo k ap monte bwa fè sitiayson sa a vin pi difisil toujou ;
- vyolans ak ensekirite fè anpil moun abandone kote yo t ap viv la. Kantite moun k ap kite zòn kote yo te rete yo ap vin pi plis chak jou akoz ensekirite a ;

3



RÉPUBLIQUE D'HAÏTI

## *Le Premier Ministre*

- Ayitianba menas katastwòf natirèl tankou siklòn, tranbleman tè ak inondasyon, sa ki mete abse sou klou sou yon popilasyon ki te deja ap bat dlo pou l fè bè ;
- menm sinou jwen yon ti sipò nan men kominote entènasyonal la, òganizasyon Leta a ak pwoblèm koripsson pa pèmèt sipò sa yo ateri kòm sa dwa a alòske popilasyon an gen anpil pwojè mwayen nou pa pèmèt nou finanse ;
- malgreBidjè 2023-2024 te prevwa plis pase 17 milya goud pou finanse pwogram ijans lan gouvènman an te mete sou pye a, yon goud pa t gen tan depanse depi oktòb jiska mwa jen 2024 ; poutan depans sa yo t ap ka pèmèt popilisyon k ap viv nan kondisyon ki pi difisil yo jwenn yon alemye ;

### **Enstriksyon sou preparasyon Bidjè 2024-2025 lan**

Pou pwoblèm kriz politik ak sosyal bay nan moman an, fòk nou gen yon bidjè nou ka jere san penyen lage, san kache fèy kouvari sa epi ki pèmèt nou wè kote lajan ki pral depanse yo prale.

Enstriksyon nou bay nan lèt kadraj sa a vle tout moun itilize resous peyi a nan bon kondisyon yon fason pou yo bay bon rezulta nan sa ki gen pou wè ak remanbre ekonomi peyi a ak bay sosyete a pi bon sèvis.

Djòb nou se fè kriz sa a tounen yon opòtinite pou nou korije sa ki ka korije pandan n ap jere bidjè a sou baz senk (5) prensip sa yo :

1. Fòk chak santim ki depanse ka asosye ak yon rezulta ki koresponn ak priyorite gouvènman an tabli sou tout peyi a ;
2. Fòk lajan k ap rantre nan kès leta a jere aklè pou kontwòl ka fèt san grate tèt ;
3. Fòk depans ki gen pou fèt nan bidjè a fèt san fòs kote nan sa ki gen pou wè ak kondisyon fanm ak jèn gason, jèn fi ;
4. Fòk tout komin yo santi jefò k ap fèt pou anpeche ensekirite a anvayi tout peyi a ;
5. Fòk tout peyi a jwenn sipò pou fè fas kare ak kriz ki gen pou vini yo, san nou pa neglige mete fondasyon pou peyi a devlope tout-bon-vre.

Prensipal vizyon nou se pou chak santim depanse nan pi bon kondisyon san gaspiyaj, pandan yo makonnen ak priyorite gouvènman an ki pran angajman pou itilize resous yo kòm sa dwa yon jan pou peyi a devlope epi rete estab menm lè ta gen gwo kriz.



RÉPUBLIQUE D'HAÏTI

## Le Premier Ministre

### Priyorate Gouvènman an

#### a. Fè Leta rantre plis lajan san gaspiyay.-

- i. **Fè enstitisyon k ap ranmase lajan Leta yo vin pi modèn.**- nou pa ka pa fè yon jan pou ogmante kapasite Leta a pou li rantre plis lajan sou taks ak enpo; fòk gen yon sistèm enfòmatik ki trete taks leta a ap rantre, sa ki ka anpeche lajan sa yo fè wout kwochi ; pou sa rive fêt, fòk gen anpil envestisman ki fêt nan domèn teknoloji pou fè operasyon sou resèt Leta yo fêt sou òdinaté, pou fè kontwòl yo bay pi bon rezulta ;
- ii. **Batay kont kontrebann ak mouvman lajan ilegal.**- Leta a dwe gen kontwòl tout lajan ki ap rantre nan kès li. Tout lwa, dekrè, arete ak sikilè ki mande pou yo pa peye Leta a ak kòb kach, dwe aplike. Gen kontwòl ki dwe fêt tanzantan pou siveye tout machandiz k ap rantre nan peyi a ;
- iii. **Fè tout lajan Leta rantre nan kès Leta san kache.**- fòk tout lajan ki sipoze rantre pou Leta a rantre nan kès Leta. Tout lwa, dekrè, arete ak lòt tèks dwe adopte pou anpeche moun peye ak lajan kach sévis yo resevwa yo ; Gen kontwòl ki dwe fêt tanzantan pou konfime ke chak santim rantre nan kès Leta a nan bon kondisyon san Leta pa fè defisi ;

#### b. Ranfòse gouvènans peyi a nan sa ki gen pou wé ak sitiyasyon ekonomik lan.-

- i. **Rapò sou kalite depans Leta yo.**- Gen yon tablo ki dwe pibliye pou montre jan Leta a ap itilize resous li rantre yo. Tablo sa a dwe disponib pou tout moun sitou pou enstitisyon ki la pou kontwole depans Leta yo ; yon fason pou kontwòl lajan Leta a fêt nan bon ti mamit ;
- ii. **Gwo batay kont koripsyon.**- Anpil desizyon dwe pran pou elimine koripsyon nan peyi a ; pou sa fêt, fòk tout lwa ki deja la yo sou enstitisyon ki dwe fè kontwòl yo ka aplike anmenmtan ak pwogram ki prevwa goumen kont koripsyon yo ; fòk tout patnè entènasyonal nou yo mete plis jefò nan batay sa a ;
- iii. **Kontwòl regilye depans Leta yo.**- Dispozisyon dwe pran pou bay pou ki rezon chak depans ap fêt ; kontwòl dwe fêt pou eksplike rezon ki fè yon depans pa ateri sa ki ap fè Leta pa peye bèf pou kabrit epi pou chak pwojè egzekite ak priyorate peyi a ;

#### c. Ogmantasyon resous k ap soti lòtbò dlo yo.-

- i. **Nou** dwe gen kontwòl tout sipò etranje nou prevwa pou bidjè a ak tout lòt kontra Leta siyen pou jwenn resous lòt peyi yo. Fòk gen yon chita pale ak tout patnè entènasyonal yo sou dat kòb yo ka dekese epi itilize nan bon kondisyon ;

5



RÉPUBLIQUE D'HAÏTI

## Le Premier Ministre

- ii. **Planifikasyon** ak tout patnè entenasyonal yo.- Nou prevwa anpil reyinyon ak tout patnè entenasyonal yo yon fason pou nou pa kite youn monte sou lòt nan jan y ap ede peyi a, sa ki ap pèmèt yo ede nou san gaspiyaj ;
- d. **Sipò pou envestisman ak rezistans ekonomi peyi a.-**
  - i. **Fè bon chwa ki serye sou pwojè envestisman yo.-** Se sèlman pwojè ki fè ekonomi an ogmante epi ki ka fè kondisyon lavi popilasyon an vin miyò n ap kenbe nan bidjè envestismann an. N ap bay yon konsiderasyon espesyal pou tout demach ki prevwa kreye dyòb, bay fanm yo plis mwayen pou yo devlope epi fè plis timoun ka ale lekòl ;
  - ii. **Fè plis fanm ak jèn moun patispe nan lavi peyi a.-** Jan « fèydewout » yo mande sa, fòk tout moun ka wè aklè depans k ap bay fanm ak jèn moun mwayen pou yo patisipe nan ekonomi peyi a ;
  - iii. **Pwomosyon finansman lanati.-** Fòk gen mwayen nan bidjè a pou finanse pwomosyon lanati, sa vle di pwojè ki ka ede nou reziste devan katastwòf natirèl yo. Pa gen wout pa bwa, fòk nou al chache finansman deyò peyi a pou nou fè konstriksyon ki rezistan, ki pap mete malè pandye sou anviwonman peyi a ;
- e. **Sipòte demach sektè prive a ap mennen epi remanbre entrepriz yo.-**
  - i. **Sipò pou remanbre entrepriz yo.-** Nou dwe brase lide ak sektè finansye a pou nou kreye yon sistèm k ap pèmèt nou finanse biznis ki viktima kriz ki sot pase a. Fòk yo ka jwenn prete lajan ak yon to ki pa twò wo epi jwenn garanti y ap ka prete pou yo remanbre tèt yo epi reprann aktivite yo ;
  - ii. **Ogmante kredi pou sektè agrikòl la.- Gouvènman an pran angajman pou sektè agrikòl la jwenn** plis posibilite finansman sitou nan men patnè entènasyonal yo.
  - iii. Fòk sektè agrikòl la jwenn kredi si nou vle pwodiksyon nasyonal la ogmante pou vant peyi a pa nan men etranje ;
- f. **Suiv epi kontwole rezulta pwogram bidjetè yo.-**

**Sistèm solid pou swiv epi kontwole rezulta pwogram bidjetè yo.-** N ap mete sou pye yon sistèm pou kontwole jan pwogram bidjetè yo ap ekzekite. Chak ministè, chak enstitisyon Leta dwe rann kont sou jan yo itilize lajan Leta a epi montre ki rezulta yo jwenn.

  - i. **Rapò chak twa (3) mwa sou jan bidjè a ap ekzekite.-** N ap pibliye nan bon jan detay rapò sou jan bidjè a ap ekzekite chak twa (3) mwa. Sa se garanti ke Gouvènman an ap jere lajan leta a nan tout transparans epi korije sa ki gen pou korije.

6



RÉPUBLIQUE D'HAITI

## *Le Premier Ministre*

- ii. Rapò sa yo dwe rive jwenn enstitisyon ki la pou kontwole depans Leta yo ;
- iii. sa k ap pèmèt popilasyon an gen plis konfyans sou jan lajan Leta a ap jere'

Enstriksyon sa yo nou sot bay la se pou chak otorite jere resous ki sou konpetans yo an granmoun, san gaspiyaj, sitou nan moman kriz sa a. Fòk tout moun ka wè aklè konsekans depans n ap fè yo sou popilasyon an. Se sa ki ap sèvi baz pou peyi a reprann eskanp figi l tout bon vre. Estrateji nou mete Ayiti sou pye gen twa (3) poto mitan : Goumen kont koripsyon ; depanse nan bon kondisyon epi chache plis resous pou nou finanse aksyon nou yo.

Tout Gouvènman an sou de pye militè li pou fè popilisyen an pran konfyans nan jan bidjè a ap prepare epi nan jan li ap egzekite. Ministè Ekonomi ak Finans, Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn dwe ranfòse nan kad misyon la lawa ba yo yon fason pou patnè entènasyonal yo jwenn ankourajman pou yo bay resous lokal yo jarèt. Ministè Afè Etranjè dwe ranfòse tou pou bay de (2) lòt Ministè yo bourad, sitou nan anbasad ak nan tout biwo peyi a genyen aletranje. Nou gen pou fè yo jwenn yon dokiman ki eksplike kòman sa dwe fet ansanm ak yon kalandriye pou chak etap yo.

### **Mesyedam Òdonatè yo**

Nou gen yon gwo chay sou do nou ki se jere resous Leta yo san kache fèy kouvri sa, san penyen lage, yon fason pou nou bay bon rezulta. Chak desizyon n ap pran nan bidjè a dwe koresponn ak sa Gouvènman an prevwa nan "Fèydewout" yo ; se sa k ap fè kondisyon ekonomik, politik ak richès peyi a vin pi djanm.

Sitiyasyon n ap viv la mande pou nou kolabore nan desizyon n ap pran yo ki dwe entèlijan. Sinon nou p ap ka rezoud pwoblèm peyi a. Akò 3 avril 2024 la defini tout chantye ki dwe sèvi nou bousòl nan desizyon n ap pran yo.

### **Mesyedam Òdonatè yo**

Mwen ankouraje nou konsidere dokiman ki akonpaye lèt kadraj sa a pou prepare pwojè depans nou yo, Dokiman sa a rele Gran chantye. Anmenmtan tou m ap mande nou pa bliye resous yo pa anpil. Si nou vle bay bon rezulta, fòk tèt nou anplas pou nou byen jere resous ki nan men nou yo. Nou dwe travay men nan men pou ekonomi peyi a reprann fòm kòl, pou nou rekonstwi sa ki kraze yo epi fè yon fason pou popilasyon an espere yon demen miyò.

Yon chay mèsi pou angajman nou.



Dr Garry CONILLE